



## **"MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS (M-DCPS)" (LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY) PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI 'TITLE I' NAN NIVO DISTRI A POU ANE 2022-2023**

"The 2022-2023 District-level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Angajman Paran ak Fanmi 2022-2023 nan Nivo Distri a), moun ki konsène (egz, anplwaye, fanmi, manm kominotè, eks.) devlope ann akò ansanm ak an konfömité avèk regilasyon sou finansman federal [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116] Title I. Plan an dekri fason Distri a ap chèche kontakte tout paran ak manm nan fanmi pou enplemente pwogram, aktivite, ak pwosedie ki pwomouwva angajman paran ak fanmi. Anplis PFEP Title I nivo Distri a toujou disponib pou paran ak manm fanmi timoun ki ap patisipe yo.

### **DIMANSYON PATISIPASYON M-DCPS SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI**

Nou distribye bay paran ak fanmi elèv ki anwole nan lekòl Title I "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) Sondaj sou Angajman Paran ak Fanmi Title I ann (Anglè, Espayòl e an Kreyòl), sou entènèt e alekri, nan fen chak ane lekòl. Anplis, lekòl ki ap enplemente Pwogram Title I atravè tout Lekòl yo te distribye tou Sondaj Title I sou Angajman Paran ak Fanmi nan nivo Lekòl la pou paran elèv ki nan lekòl la. Nou itilize done sondaj yo pou fè yon evalyasyon sou kontni e efikasite Pwogram Angajman Paran ak Fanmi an e pou fè planifikasyon pou ane k ap suiv la.

Daprè Sondaj Angajman Paran ak Fanmi Title I M-DCPS la, 43% paran ki te patisipe nan sondaj la te endike yon bezwen pou plis enfòmasyon sou "Estanda Eta ak Egzamen yo"; 34% te endike yo bezwen plis enfòmasyon sou kòman pou yo travay ak pitit yo lakay; 34% te endike yon bezwen plis enfòmasyon sou kòman pou travay avèk pwofesè pitit yo; e 27% te endike yon bezwen pou plis enfòmasyon konsènan Pwogram Title I Atravè Lekòl la.

### **DEKLARASYON MISYON SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI**

Mision Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I Lekòl Leta Miami-Dade County a se pou amelyore angajman paran ak fanmi, e bay aksè ak defans pou devlope kapasite paran ak fanmi pou devlope bonjan angajman kominotè nan sipòte amelyorasyon ki mezirab pou akonplisman elèv.

### **ANGAJMAN PARAN YO**

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pral ofri fòmasyon pou tout anplwaye lekòl ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo sou fason pou entegre paran yo nan developman PFEP Title I atravè tout "Local Education Agency (LEA)" (Ajans Edikasyonèl Lokal), plan LEA a, fason yo pral depanse fon yo rezève pou paran ak fanmi ak tout aspè Pwogram Title I atravè tout Lekòl yo. "The Title I District Advisory Council (DAC)" (Konsèy konsiltatif Title I Distri a) ak twa (3) "Title I Regional Parent Advisory Council (PAC)" (Konsèy Konsiltatif Rejyonal Paran Title I) ki gen ladan paran ak anplwaye ki eli ki soti nan nan diferan nan lekòl paran elèv ki enskri nan lekòl ki enplemente Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo, pou sèvi pandan peryòd 2022-2023 a, pral revize e adrese bezwen adisyonèl lekòl ki ap patisipe yo. Komisyón egzekitif DAC ak ofisyé PAC pral fè reyinyon ak aktivite pou angajman paran ak fanmi yo. Dimansyon ak lòd demand ak sekans pou angajman paran yo pral gen ladan ajanda pou reyinyon DAC ak PAC yo. Sijè Agenda yo ka enkli: enplike paran yo ak fanmi yo nan planifikasyon ak aplikasyon Pwogram Tit I nan tout lekòl la nan lekòl k ap patisipe yo; itilize egzijans minimòm alokasyon Tit I lekòl la pou sipòte [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116], Kondisyon Angajman Paran ak Fanmi; fè Reyinyon Anyèl Paran Tit I nan kòmansman ane lekòl la pou enfòme paran yo sou patisipasyon lekòl la nan Pwogram Title I nan tout lekòl la; bay enfòmasyon sou Pwosedie Konsiltasyon ak Plent M-DCPS yo; devlope, distribye ak revize PFEP Tit I distri ak nivo lekòl la; ki ap fè Reyinyon Anyèl Paran Tit I nan kòmansman ane lekòl la pou enfòme paran yo sou patisipasyon lekòl la nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo; ofri enfòmasyon sou Pwosedie Konsiltasyon ak Pote Plent nan M-DCPS; devlope, distribye e revize PFEP Title I an nan nivo Distri ak Lekòl; distribye Lèt Notifikasyon ann Anglè, Espayòl ak an Kreyòl; e devlope, distribye e revize Akò Lekòl-Paran Title I yo. Chak PAC Title I pral reyini yon minimòm (3) fwa pandan ane lekòl la, pou jwenn ide paran yo pou sipòte developman kontinyèl PFEP atravè LEA a. Komite Egzekitif DAC a ka avize Depatman Administrasyon Title I Distri a sou fason yo ka depanse fon yo rezève pou angajman paran ak fanmi yo. Lekòl ki ap enplemente Pwogram Title I atravè tout Lekòl yo pral etabli yon "Excellence School Advisory Council (EESAC)" (Konsèy Konsiltatif sou Ekselans Lekòl). EESAC pral sèl antite ki responsab pou desizyon final nan lekòl la ki gen rapò ak enplemantasyon eleman "School Improvement Plan (SIP)" (Plan Amelyorasyon Lekòl). Konsa, EESAC pral mete ansanm tout moun ki konsène, ki gen ladan paran e l ap angaje yo nan pran desizyon sou fason lekòl la pral depanse fon yo rezève pou angajman paran ak fanmi.

Nou pral enplemente Inisyativ "Parents-Helping-Parents (PHP)" (Paran-Ede-Paran) nan lekòl Title I nou vize atravè Distri a, avèk gwo objektif global, pou ogmante entèrakson enpòtan pam fanmi, lekòl, ak kominote yo pou amelyore rezulta elèv. Kat (4) objektif prensipal PHP se: 1) pwolonje sèvis sensibilizasyon ak sipò bay fanmi; 2) ede fanmi konprann règ federal, eta ak distri ki gen enpak sou eksperyans pitit yo fè lekòl; 3) amelyore abilité fanmi pou sèvi kòm defansè pou pitit yo; e 4) pwomouvwa rapò pozitif ant paran ak lòt moun ki konsène yo. Sesyon fòmasyon mansyèl ak reyinyon kolaborasyon pral fèt avèk lòt depatman, ajans kominotè, a panèl konseye pou idantifye priyorite ak e aktivman pwomouva angajman fanmi. Nou ofri tout lekòl Title I nan Distri a, kèlkeswa patisipasyon yo nan inisyativ PHP, sèvis sipò fanmi nan yon efò pou responsabilize paran elèv ki ale nan lekòl ki enplemente Pwogram Title I atravè tout Lekòl la.

### **ASISTANS TEKNIK POU LEKÒL KI AP PATISIPE NAN PWOGGRAM TITLE I ATRAVÈ TOUT LEKÒL YO**

Distri a pral ofri kowòdinasyon, asistan teknik, ak lòt sipò ki nesesè pou asiste lekòl ki ap patisipe nan Pwogram Title I atravè tout Lekòl yo nan planifikasyon ak enplemantasyon aktivite angajman paran ak fanmi ki efikas. Efò sa a pral ede nan devlope kapasite paran pou amelyore akonplisman akademik pitit yo e ogmante pèfòmans lekòl yo an jeneral, atravè mwayen ak aktivite ki ap suiv yo: seminè fòmasyon pou direktrè lekòl ki ap enplemente pwogram Title I 2022-2023 a Atravè tout Lekòl yo; "Parent Portal" (Pòtal Paran) M-DCPS; "Neighborhood Resource Center (NRC)" (Sant Resous Katye) Title I, sipò Distri a ofri pou Sant Resous Paran nan lekòl yo; fòmasyon M-DCPS disponib pou asiste chak lekòl nan jere efikasman Excellence School Advisory Council (EESAC) (Konsèy konsiltatif sou Ekselans Lekòl); Pwojè 'UP-START', Pwogram M-DCPS pou Edikasyon pou Jèn ki Ap Viv nan Tranzisyon nan Miami-Dade County; "The Parent Academy (TPA)" (Akademi Paran an); ansanm ak aktivite developman pwofesyonèl nou fè atravè Sant Fòmasyon pou "Community Involvement Specialists (CIS)" (Espesyalis Patisipasyon Kominotè)/"Community Liaison Specialists (CLS)" (Espesyalis Lyezon Kominotè) Title I yo. Anplis, CIS/ CLS nan lekòl la pral sèvi kòm yon pon ant lakay, lekòl ak kominote a pou fasilitate atelye ak sesyon fòmasyon, apèl telefonik, vizit lakay, ansanm ak aktivite nan lekòl la ak kominote a ki pral ranfòse kapasite paran an pou angajman ak sipò pou akonplisman elèv la.

Li nesesè pou lekòl ki enplemente Pwogram Title I Atravè tout lekòl yo pou soumèt elektwonikman PFEP Title I nan nivo Lekòl la, chak ane. Anplwaye "Accountability and Technical Assistance Team (A-TAT)" (Ekip Asistans sou Responsablitè ak Teknik) Depatman Administrasyon Title I an pral revize soumisyon elektwonik PFEP Title I nan nivo Lekòl la e ofri asistans teknik ak sipò pou asire konfòmite ak tout demand Seksyon 1116 [34 CFR 200.21(c ak d)]. Anplis, nan fè efò pou ede lekòl yo plis pou satisfè demand Iwa a, anplwaye nan A-TAT pral fè vizit asistans teknik nan lekòl yo pou asire konfòmite avèk tout demand [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116].

LEA pral ofri lòt sipò rezonab pou aktivite angajman paran ak fanmi anba Seksyon 1116, jan paran ka mande atravè Reyinyon Jeneral DAC Title I, (minimòm de (2) pa ane e nan aswè); reyinyon PAC Title I, (Minimòm de (2) pa ane pou chak reyion administratif nan Distri a, nan differan lè ak andwa pou maksimize patisipasyon paran ak fanmi); ak reyinyon/atelye nan lekòl Title I yo pou paran ak fanmi (toutan) atravè ane a. Sijè ajanda reyinyon sa yo ka gen ladan: Konsèy efikas pou Angajman Paran ak Fanmi; Regade e Revize PFEP Title I M-DCPS la; ak Pratik Angajman Fanmi ak Paran. Nou pral ofri Paran ak fanmi yo enfòmasyon ak materyèl pou ede yo amelyore akonplisman akademik pitit yo. Anplis, nou pral ofri paran ak fanmi yo enfòmasyon ak fòmasyon nan domèn utilizasyon teknoloji, ladrès sou lavi, ak bezwen sèvis kominotè. Distri a pral ofri lekòl yo gid adisyonèl sou angajman paran ak fanmi nan Liv Machasuiv Administrasyon Title I an, ki se yon resous adisyonèl ki disponib pou lekòl ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè Tout Lekòl yo. Liv machasuiv la gen ladan enfòmasyon sou tout eleman Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo, ki gen ladan demand espesifik Seksyon 1116 Akò ESSA a, tankou modèl platfòm PFEP ak Akò Lekòl-Paran. Anplis, sit Entènèt Depatman Administrasyon Title I an <http://title1.dadeschools.net>, sit entènèt Depatman Sèvis Sipò Fanmi, ak sit entènèt Kolaborasyon ak Konfòmite nan nivo Lekòl Title I yo disponib pou sipòte tout lekòl Title I ki ap patisipe.

**KOWÒDINASYON AK ENTEGRASYON ESTRATEJI ANGAJMAN PARAN AK FANMI  
NAN TITLE I, PATI A AVÈK LÒT PWOGRAM FEDERAL**

1	Pwogram Migran Title I	Anba sipèvizon Direktè Egzekitif Pwogram Migran an, anplwaye ofri sèvis enstriksyonèl ak sipò siplemantè pou travayè migran ak fanmi yo atravè plizyè eleman, ki gen ladan Pwogram Aprantisaj Timoun Migran Anbazaj Bonè ansam avèk Depatman Administrasyon Title I an.
2	“Project UP-START” (Pwojè UP-START)	Anba sipèvizon Pwojè UP-START la, Direktè Sansibilizasyon Kominotè Pwogram Edikasyon Sanzabri a, Lyezon Sanzabri Lekòl yo distribye enfòmasyon sou atelye ki fèt chak semèn nan “Title I Neighborhood Resource Center” (Sant Resous Katye Title I). Anplis, yo envite Direktè Sansibilizasyon Kominotè a pou pale nan reyinyon “Community Involvement Specialists (CIS)” (Espesyalis Patisipasyon Kominotè) / “Community Liaison Specialists (CLS)” (Espesyalis Lyezon Kominotè) ak paran Title I yo, pou yo pataje enfòmasyon sou sèvis ak resous ki disponib pou elèv ak fanmi ki ap viv nan lojman enstab (sètadi sitiayson sanzabri).
3	“Parents-Helping-Parents (PHP)” (Paran-Ede-Paran)	Anba sipèvizon Ofisyè Lyezon Fanmi an, “Family Support Specialists (FSS)” (Espesyalis Sipò Fanmi) sèvi kòm lyezon ant fanmi, lekòl, ak biwo Distri a ki sipèvize inisyativ sa a pou ede fanmi jwenn aksè sèvis ak pwogram, tankou: “Head Start,” (Kòmanse Edikasyon Bonè) Edikasyon Elèv Espesyal, Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang, Edikasyon Altènatif, Sèvis Edikasyonèl pou Migran, ak lòt.
4	Akademi Paran an	Anba sipèvizon Direktè a, Akademi Paran Lekòl Leta Miami-Dade County a se yon inisyativ atravè Distri a ki fèt pou sipòte angajman familyal ak kominotè atravè Distri a. Akademi Paran an fè patenarya avèk òganizasyon lokal ak nasional yo pou ofri yon gran varyete resous gratis nan yon efò pou ede paran vin patnè konplè nan edikasyon pitit yo.
5	“Early Childhood Programs” (Pwogram Edikasyon Bonè pou Timoun Anbazaj)	Anba sipèvizon Direktè Administratif “Program Early Childhood” (Pwogram Edikasyon Bonè pou Timoun Anbazaj), anplwaye sipòte angajman ak patisipasyon paran jèn timoun avèk yon varyete eksperrans enpòtan atravè pwogram ‘Head Start’ ‘Early Head Start’ ak “Voluntary Pre-Kindergarten” (Klas Matènèl Volontè), an konjonksyon avèk Depatman Administrasyon Title I.
6	Edikasyon Elèv Eksepsyonèl	Anba sipèvizon Direktè Administratif Biwo Sèvis ak Sipò Edikasyonèl la, Depatman Edikasyon Elèv Eksepsyonèl la sèvi timoun ak fanmi atravè Distri a nan devlope, kowòdone, ak kontwole pwogram ki sipòte elèv ki gen andikap yon fason pou asire praktik kourikoulòm, ak praktik konpòtman yo devlope yon fason pou satisfè bezwen edikasyonèl elèv yo.
7	Pwogram Sèvis Edikasyonèl Altènatif	Anba sipèvizon Direktè Administratif Pwogram Sèvis Edikasyonèl Altènatif la, Direktè ak Asistan Direktè Lekòl la, ansam ak anplwaye yo ofri sipò ak sèvis enstriksyonèl anplis pou elèv ki neglige ak sa ki delenkan ansam ak fanmi yo. Biwo a ede tou avèk pwopagasyon enfòmasyon konsènan disponiblite fòmasyon pou paran, evènman/aktivite, atelye ak lòt enfòmasyon ki gen rapò avèk edikasyon apre lekòl segondè.

**EVALYASYON ÀNYÈL KONTNI AK EFIKASITE RÈG  
SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI**

Nou ap fè yon Sondaj Ànyèl sou Angajman Paran ak Fanmi Title I M-DCPS anvan fen ane lekòl la pou evalye kontni ak efikasite aktivite sansibilizasyon angajman paran ak fanmi yo nan amelyore kalite akademik, Pati A Title I lekòl yo atravè evolisyon ane a. Anplis, sondaj la ap ede nan idantife baryè pou yon meyè patisipasyon paran nan aktivite ki sanksyone yo. N ap itilize rezulta nou jwenn nan evalyasyon an pou kreye estrateji ki pi efikas pou ane lekòl ki ap vini an. Nou pral fè yon efò kolaboratif pou enfòme

paran sou disponibilite ak enpòtans sondaj sa a nan reyinyon "Community Involvement Specialists (CIS)" (Espesyalis Patisipasyon Kominotè)/"Community Liaison Specialists (CLS)" (Espesyalis Lyezon Kominotè), Title I Distri a ak Rejyon an, Bilten Nouvel 'Title I DAC Talk' pou Paran Title I, Bilten Trimestriyèl Title I, 'SchoolMessenger', ak feyè. Sondaj sa a ap disponib sou Entènèt ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl pou paran ranpli. Anplis, vèsyon ekri sondaj la pral disponib nan lekòl yo ak nan reyinyon Distri a pou fasilité paran yo ranpli sondaj la. CIS/CLS lekòl la oubyen moun ki kontakte paran yo pral kontakte paran yo pou ankouraje e ede elèv yo nan ranpli sondaj la. Apre sa, Distri a pral sèvi ak rezulta sondaj la pou devlope LEA atravè Title I PFEP pou nouvo ane lekòl la e PFEP nan nivo Lekòl Title I an pou tout lekòl nan Pwogram Title I an. Tout lekòl ki ap enplemanté Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la pral pwograme reyinyon pou paran yo anvan fen ane lekòl la kote patisipan yo pral idantifye baryè ki jennen paran ak fanmi yo pou patisipe nan aktivite angajman paran ak fanmi yo pandan ane lekòl la e idantifye etap lekòl la pral pran pou defèt baryè yo idantifye yo. Anplis de sa, Biwo Evalyasyon Pwogram nan pral fè yon evalyasyon ànyèl pou Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la, ki gen ladan Pwogram Angajman Paran ak Fanmi. Evalyasyon an pral konsantre sou rezulta sèvis nou ofri yo.

### DEVLOPE KAPASITE LEKÒL AK PARAN

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv	Frekans	Evidans Efikasite
1	<p><b>Kontni:</b> Responsabilize paran yo, avèk enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, Distri a e kominote a.</p> <p><b>Aktivite:</b> Koneksyon avèk ajans kominotè ki ofri sèvis sipò pou paran ak fanmi.</p>	CIS/CLS Title I, Anplwaye, Direktè, ak CIS/CLS Depatman Administrasyon Title I	Kolekte done atravè soumisyon Rapò Mansyèl pou Lekòl, ki dokimante sèvis sipò nou bay paran atravè yon pwosesis rekòmandasyon bay ajans kominotè, nan yon efò pou adrese bezwen espesifik ki pral kontribye nan amelyore akonplisman akademik elèv.	Chak Mwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>Rekòmandasyon Paran sou Lis Ajans Kominotè yo</li> <li>Fòm Rekòmandasyon nan Ajans Kominotè ki tou Ranpli</li> <li>Rapò Lekòl sou Angajman Paran ak Fanmi Chak Mwa</li> </ul>
2	<p><b>Kontni:</b> Ofri rekòmandasyon sou bi ak etap ki nesesè pou amelyore Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo; devlope e revize ansanm ak Distri a, LEA Title I PFEP an; e ede nan enfòme paran timoun ki ap patisipe Reyinyon Anyèl Paran an Konsènan Benefis Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la, reyinyon Distri a, ak lòt reyinyon paran, jan li awopriye.</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon Konsèy Administrasyon DAC Title I an.</p>	Ofisyè DAC ki eli, Direktè Distri, Direktè Distri Depatman Administrasyon Title I, Direktè Egzekitif, ak anplwaye nou seleksyone nan Title I	Nou pral sèvi ak ide e rekòmandasyon yo fè pou etabli objektif, inisyativ, ak aktivite ki pral sipòte akonplisman akademik elèv.	Out 2022-Jen 2023	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kominikasyon elektwonik</li> <li>Feyè</li> <li>Ajanda</li> <li>Fèy prezans</li> <li>Feyè nou Bay</li> </ul>

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv	Frekans	Evidans Efikasite
3	<p><b>Kontni:</b> Ofri enfòmasyon atravè reyinyon, fòmasyon, ak atelye pou ede lekòl yo nan efikasman ranpli e enplemane "School Improvement Plan (SIP)" (Plan Amelyorasyon Lekòl yo).</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon, sesyon fòmasyon, sipò ak asistans Teknik M-DCPS.</p>	Anplwaye Distri nou seleksyone	Ogmante angajman paran nan devlopman ak revizyon SIP a, ki lye ak akonplisman akademik.	Out 2022-Jen 2023	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sesyon enfòmasyon chak Semèn</li> <li>Ajanda</li> <li>Fèy prezans</li> <li>Feyè nou bay</li> <li>Rapò Adezyon ak Title I nan nivo Lekòl yo</li> <li>Prezantasyon 'PowerPoint'</li> </ul>
4	<p><b>Kontni:</b> Enfòme anplwaye sou patisipasyon lekòl yo nan nan pwogram Pati A Title I an, e eksplike demand "Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Chak Elèv Fè Siksè) avèk aksan sou akonplisman akademik elèv atravè angajman paran ak fanmi</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon Ouvèti Lekòl yo</p>	Depatman Administrasyon Title I ak administratè nan lekòl yo	Amelyore konpreyansyon anplwaye yo sou demand ESSA avèk aksan sou akonplisman akademik atravè angajman paran ak fanmi.	Vè fen oktòb 2022	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ajanda</li> <li>Fèy prezans</li> <li>Feyè nou bay</li> <li>Prezantasyon 'PowerPoint'</li> </ul>
5	<p><b>Kontni:</b> Konpile enfòmasyon sou fason lekòl Title I yo ap pwogrese nan sipòte paran ak angajman familyal atravè livezon ansèyman.</p> <p>Enfòmasyon nou konpile yo pral ede nan devlopman LEA ak PFEP nan nivo lekòl pou ane lekòl ki ap vini an</p> <p><b>Aktivite:</b> Sondaj sou Angajman Paran/Fanmi Title I M-DCPS</p>	Direktè Distri, Direktè Egzekitif, Anplwaye nou Seleksyone nan Title I, ak Direktè Rechèch ak Evalyasyon, Biwo Evalyasyon Pwogram	Bay enfòmasyon ki pral amelyore livezon sèvis sipò ki ranfòse relasyon ant paran ak lekòl la nan fason enpòtan e ki amelyore akonplisman akademik.	Me-Jiyè 2023	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kominikasyon elektwonik (Bay Enfòmasyon Chak Semèn)</li> <li>Konpilasyon Rezulta Sondaj yo</li> </ul>

6	<p><b>Kontni:</b> Bay paran ak elèv ki ap patisipe nan an angaje yo nan seminè sou entènèt/atelye chak semèn, ansanm ak fòmasyon, ak aktivite pou agrandi konesans ak ladrès yo nan fason ki kontribye a byennèt e siksè akademik pitit yo an jeneral.</p> <p><b>Aktivite:</b> "Neighborhood Resource Center (NRC)" (Sant Resous Katye) Title I</p>	<p>Direktè Distri, Depatman Administrasyon Title I, ak Direktè Egzekitif, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I</p>	<p>Devlope e emploante pwogram, seminè sou entènèt/atelye, fòmasyon, ak aktivite ki fèt pou responsabilize paran avèk ladrès yo bezwen pou efikasman ede pitit yo akademikman e sosyalman.</p>	Out 2022-Jen 2023	<ul style="list-style-type: none"> <li>Fèy prezans vizitè, Fòm Pwofil ak Kominkasyon ki ranpli</li> <li>Rapò Zoom, ajanda atelye/aktivite, fèy prezans, feyè nou bay, prezantasyon PowerPoint ak fòm evalyasyon sondaj sou seminè sou entènèt/atelye/aktivite ki ranpli.</li> <li>Kominikasyon elektwonik</li> <li>Vizit andwa sou Sant Vityèl pou Paran.</li> </ul>
Kantite	<b>Kontni ak Kalite Aktivite</b>	<b>Moun ki Responsab</b>	<b>Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv</b>	<b>Frekans</b>	<b>Evidans Efikasite</b>
7	<p><b>Kontni:</b> Bay paran ak fanmi elèv nan lekòl ki ap emploante Pwogram Title I yon opòtinite anplis pou patisipe nan edikasyon pitit yo.</p> <p><b>Aktivite:</b> "DAC Talk" (Konferans DAC), Nouvel pou Paran Title I</p>	<p>Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I ak anplwaye nou seleksyone nan Title I</p>	<p>Distribye biblikasyon ki fèt pou prezante nouvèl ajou sou konsèy pou paran, tandans aktyèl nan edikasyon ak atik ki enfòme paran sou fason pou yo vin pi angaje nan akonplisman akademik pitit yo, konsa devlope kapasite paran pou yo pran angajman yo</p>	Out 2022-Jen 2023	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konferans DAC Nouvel pou Paran Title I</li> <li>Kominikasyon elektwonik</li> <li>Fèy prezans pou Reyinyon Jeneral DAC.</li> </ul>
8	<p><b>Kontni:</b> Enfòme paran yo sou patisipasyon nan lekòl pwogram Pati A, Title I e eksplike demand "Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Chak Elèv Fè Siksè) konsènan angajman fanmi ak paran e dwa paran yo pou patisipe nan pwogram sa yo.</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon Anyèl Paran Konsènan Benefis Pwogram Tit I nan tout Lekòl la dirige pa lekòl la</p>	<p>Depatman Administrasyon Title I ak administratè Andwa Lekòl</p>	<p>Ogmante enfòmasyon pou paran konsenan Pwogram Title I ak ESSA, nan yon efò pou devlope kapasite angajman paran yo</p>	<p>Pandan 1ye semès ane lekòl aktyèl la</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ajanda</li> <li>Fèy prezans</li> <li>Feyè</li> <li>Prezantasyon PowerPoint</li> <li>Pakè Dokimantasyon pou Reyinyon Anyèl Title I pou Paran</li> <li>Rapò adezyon ak Title I nan nivo lekòl</li> <li>Done nou soumèt Chak Mwa atravè Rapò Lekòl sou Angajman Paran ak Fanmi</li> </ul>

9	<p><b>Kontni:</b> Bay opòtinité pou paran ogmante konesans debaz yo, anсанm ak patisipasyon nan lekòl la atravè reyinyon/fòmasyon pandan n ap kolabore anсанm avèk yo e sipòte lòt paran</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon Oryantasyon sou Ouvèti Lekòl, Fòmasyon Inisyal sou Enplementasyon ak Revizyon Anyèl PHP ak, Rapèl, Reyinyon nan Mitan Ane a, Reyinyon Fen Ane a</p>	<p>Ofisyen Lyezon Fanmi, Espesyalis Sipo pou Fanmi ak kék Anplwaye Depatman FSS</p>	<p>Done nou kolekte atravè "Exit Surveys" (Sondaj Final) ki fin konplete yo, evalyasyon sou bezwen kontinyèl, ak revizyon ka PHP pral sèvi pou adrese bezwen espesifik ki ka kontribye nan amelyorasyon prezans ak akonplisman akademik elèv yo</p>	Chak Mwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ranpli Fòm Rekomandasyon PHP</li> <li>• Rapò Jesyon Ka atravè Sistèm Enfòmasyon Elèv la</li> <li>• Sistèm Kolaborasyon 'SharePoint'</li> </ul>
---	---	---	---	----------	---

### FÒMASYON ANPLWAYE

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv	Frekans	Evidans Efikasite
1	<p><b>Kontni:</b> Ofri asistans teknik, sipò, ak siveyans pou anplwaye nan andwa lekòl yo ka ofri yon pwogram efikas pou angajman paran ak fanmi.</p> <p><b>Aktivite:</b> "Accountability and Technical Assistance Team (A-TAT)" (Ekip Responsabilite ak Asistans Teknik Administrasyon Title I</p>	<p>Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyon nan Title I</p>	<p>Ranfòse kapasite anplwaye lekòl pou sipòte akonplisman akademik elèv yo atravè asistans teknik ak sipò.</p>	Out 2022 – Jen 2023	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Koninikasyon elektwonik</li> <li>• Ajanda sesyon fòmasyon</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> <li>• Prezantasyon 'PowerPoint'</li> <li>• Rapò adezyon lekòl la ak Title I</li> </ul>
2	<p><b>Kontni:</b> Pataj enfòmasyon avèk anplwaye ki ap bay lekòl Title I sipò konsènan demand Seksyon 1116 ESSA, ansanm ak meyè pratik e estrateji pou ogmante angajman paran ak fanmi.</p> <p><b>Aktivite:</b> Sansibilize Paran ak Fanmi ak Reyinyon Anplwaye Inite Konfòmite</p>	<p>Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyon nan Title I</p>	<p>Amelyore konpreyansyon anplwaye Distri a konsènan enplementasyon Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I an, ak sipò akonplisman akademik elèv yo.</p>	Out 2022- Jen 2023	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou bay</li> </ul>

3	<p><b>Kontni:</b> Bay enfòmasyon atravè reyinyon, fòmasyon/atelye pou ede lekòl yo enplemantefikasman Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I an.</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon M-DCPS, Sesiyon Fòmasyon ak Atelye</p>	Anplwaye nou Chwazi nan Distri a	Amelyore konpreyansyon anplwaye lekòl yo konsènan enplemantasyon Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I an, pou sipòte akonplisman akademik elèv yo.	Out 2022-Jen 2023	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> <li>• Prezantasyon ‘PowerPoint’</li> </ul>
4	<p><b>Kontni:</b> Enfòme anplwaye yo sou patisipasyon lekòl yo a nan pwogram Pati A Title I, e eksplike kondisyon ESSA yo avèk mete aksan sou akonplisman elèv atravè angajman paran ak fanmi e ofri yon rezime sou pwogram federal tankou sa ki fèt pou Migran yo ak Pwojè UP-START.</p> <p><b>Aktivite:</b> Sesiyon fòmasyon Title I pou konfòmitez fasilitatè nan lekòl yo</p>	Administrasyon Depatman Title I ak Administratè nan lekòl yo	Amelyore konpreyansyon anplwaye yo konsènan kondisyon ESSA yo avèk aksan sou akonplisman akademik elèv atravè angajman paran ak fanmi	Vè fen oktòb 2022	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> <li>• Resous vityèl/seminè sou entènèt sou sit Title I</li> </ul>
Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun (yo) ki Responsab	Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv	Frekans	Evidans Efikasite
5	<p><b>Kontni:</b> Ofri yon varyete opòtinite developman anplwaye ki solid, Byen Fòme pou pèmèt CIS/CLS yo: sipòte e angaje efikasman paran ak fanmi yo; transmèt enfòmasyon ki esansyèl bay paran yo sou disponibilite ki genyen nan Distri a, lekòl yo, ak resous kominotè yo; e konpile tout dokimantasyon yo mande kòm sipò konsènan angajman paran ak fanmi nan Title I</p> <p><b>Aktivite:</b> Sant Fòmasyon Title I pou CIS/CLS</p>	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Amelyore ladrès CIS/CLS yo kòm anbasadè lekòl, nan yon efò pou sipòte akonplisman elèv atravè angajman efikas paran ak fanmi.	Out 2022-Jen 2023	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kominikasyon elektwonik</li> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou Bay</li> <li>• Prezantasyon ‘PowerPoint’</li> <li>• Rapò Konplè sou Adezyon</li> <li>• Atelye sou entènèt sou sit entènèt Title I</li> </ul>

6	<b>Kontni:</b> Pwomouwva adezyon ak manda lokal, eta, e federal konsènan enplemantasyon Pwogram Title I an.  <b>Aktivite:</b> Fòmasyon pou Direktè Lekòl nan Enplemantasyon Pwogram Title I an atravè Lekòl yo an 2022-2023.	Direktè Administratif, Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Amelyore konpreyansyon Direktè Lekòl yo konsènan kondisyon "Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Chak Elèv Fè Siksè), pou sipòte akonplisman akademik atravè angajman paran ak fanmi	Septanm 2022 Oktòb 2022	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kominikasyon elektwonik</li> <li>• Ajanda</li> <li>• Fèy prezans</li> <li>• Feyè nou bay</li> <li>• Prezantasyon 'PowerPoint</li> <li>• Asirans Direktè Lekòl yo Fòm-7560</li> </ul>
7	<b>Kontni:</b> Ofri sipò ak fòmasyon sou konpreyansyon ak enplemantasyon inisyativ PHP a  <b>Aktivite:</b> Asistans teknik, sipò ak siveyans kontinyèl	Ofisyen Lyezon Fanmi ak Anplwaye Sèvis Sipò	Ogmane abilite anplwaye yo pou sipòte akonplisman akademik elèv yo atravè asistans teknik, sipò ak kontwòl	Out 2022-Jen 2023	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kominikasyon elektwonik</li> <li>• Premye vizit nan lekòl</li> <li>• Lis Vizit Suivi nan Lekòl</li> </ul>

## KOMNIKASYON AK AKSESIBLITE

Yo pral ofri lekòl yo PFEP Title I M-DCPS atravè tout LEA yo (Distri) a, ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl, pou ofri opòtinite total pou patisipasyon tout paran. Reyinyon anyèl paran lekòl yo sou benefis pwogram Tit I nan tout lekòl la ak/oswa minit reyinyon paran yo ak ajanda yo pral reflete diskisyon sou PFEP Tit I nan tout LEA yo, PFEP Title I nan nivo Lekòl yo, ak Akò Lekòl-Paran Title I. Distri a ap fè divès tantativ posib pou enfòme paran yo sou empòtans patisipasyon yo, atravè mwayen kominikasyon sa yo: "SchoolMessenger" (Mesaj ki Soti nan Lekòl yo) ak mesaj tèks sou telefòn pou kay ak paran elèv ki ap patisiye nan Pwogram Title I Atravè Lekòl la; Bilten Enfòmasyon Title I pou Paran; siy Title I pou lekòl yo (lè sa aplikab); feyè y ap bay elèv pote lakay; publisite nan jounal; televizyon; e/oubyen anons nan radyo oubyen lòt korespondans elektwonik.

Nou ap fè efò rezonab pou ede paran yo nan lang pa yo e paran ki gen bezwen espesyal, yon fason pou ba yo enfòmasyon konsènan bezwen ak dwa "English Language Learners (ELL)" (Elèv ki ap Aprann Anglè) ak timoun edikasyon espesyal yo. Aprè sa, nou ap revize e enplemente sijesyon yo si i apwopriye, e nou mete paran yo okouran de disponiblite sèvis entèpretasyon similtane ann Espayòl e an Kreyòl, nan tout reyinyon Title I DAC ak PAC yo. Selon bezwen yo, paran yo ka enskri e resevwa sèvis entèpretasyon similtane. Yo voye anons reyinyon Title I DAC ak PAC yo elektwonikman bay CIS/CLS nan nan lekòl yo, oubyen yon moun yo deziyen alavans pou yo ka distribye bay tout paran. Anons anvan reyinyon sa yo gen ladan notifikasyon konsènan bezwen espesyal yo remèt bay Depatman Administrasyon Title I, donk pou yo ka ede ogmane patisipasyon paran ki gen bezwen espesyal. Yo bay paran yo yon papye pou yo ranpli nan chak reyinyon kote yo ka mete sijesyon yo. Yo revize e enplemente sijesyon yo, jan sa apwopriye.

Nou ap bay paran yo plis opòtinite atravè "Migrant Early Childhood Learning Program (MECLP)" (Pwogram Aprantisaj Bonè pou Timoun Migran Anbazaj), "Migrant Achievement Resources (MAR)" (Resous Akonplisman pou Migran), "Migrant Academic Planning and Achievement (MAPA)" (Planifikasyon ak Akonplisman Akademik pou Migran), ak sèvis sipò. Patisipasyon paran nan atelye, yo ap entegre konferans paran-pwofesè ak lòt aktivite ant lekòl ak kominote a e mete ladan paran kom patnè nan pwosesis edikasyonèl pou pitit yo. Pwogram alfabetizasyon familyal yo fè pati Sant Resous pou Fanmi yo ansam ak lekòl lokal ki nan Pwogram Edikasyon Migran yo.

Nou ap voye kominikasyon a differan nivo nan Distri e nan lekòl ki ap suiv la ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl: Lèt Notifikasyon pou Paran Title I, Akò Lekòl-Paran Title I, Enfòmasyon Dwa Paran Pou Konnen, Reyinyon Anyèl Paran Konsènan Benefis Tit I an. Avi sou pwogram nan tout lekòl la, bilten nouvèl nan lekòl la, feyè ak notifikasyon sou fòmasyon paran, pèfòmans elèv Title I yo nan evalyasyon Lekti/Redaksyon Anglè, Matematik, Syans, ak Syans Sosyal. Nou ka jwenn enfòmasyon konsènan evalyasyon eta a nan <https://www.fl DOE.org/>.

**AKTIVITE DISKRESYONÈ POU DEVLOPE KAPASITE PARAN POU YO PATISIPE NAN LEKÒL**

Kantite	Aktivite	Deskripsiyon Estrateji Enplémentasyon	Moun ki Responsab	Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv	Frekans
1	Fòme paran pou ogmante patisipasyon lòt paran [Seksyon 1116(e)]	Fòmasyon/Atelye Akademi Paran an ede paran vin patnè total nan edikasyon ptit yo.	Ofisyen Lyezon Familyal, anplwaye Depatman FSS, Anplwaye Akademi Paran, ak anplwaye Title I yo seleksyone	Ogmantasyon angajman paran ak fanmi, ki pral ede plis nan ogmante akonplisman akademik elèv	Out 2022-Jen 2023
2	Pwograme reyinyon oubyen fè konferans nan telefòn nan lè ki fleksib pou paran ki pa ka asiste konferans nan lekòl yo regilyèman [Seksyon 1116(e)]	Nou ankouraje lekòl ki ap enplemantare Pwogram Title I Atravè lekòl yo pou yo pwograme reyinyon e/oubyen atelye sou entènèt yo nan differan lè ak jou atravè ane lekòl la, pou ofri opòtinite pou paran ka patisipe atravè divès modalite e/oubyen konferans Zoom oubyen reyinyon a distans nan telefòn, pou ogmante patisipasyon paran nan nivo maksimòm li.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Ogmantasyon angajman paran ak fanmi nan pèmèt patisipasyon maksimòm paran ki pa ka asiste reyinyon regikye ki pwograme yo, ki kapab ede plis nan ogmante akonplisman akademik elèv	Out 2022-Jen 2023
3	Adopte e enplemanté apwòch modèl pou amelyore angajman paran ak fanmi [Seksyon 1116(e)]	Manm "Department of Title I Accountability & Technical Assistance Team (A-TAT)" (Depatman Ekip Responsabilite ak Asistans Teknik) la pwograme kontwòl sou plas, asistans teknik ak sipò ansanm ak reyinyon/seminè sou entènèt Sant Fòmasyon pou CIS/CLS yo ofri developman pwofesyonèl, yon fason pou amelyore ladrès yo kòm anbasadè lekòl yo.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Ogmanante kantiite anplwaye nan nan lekòl yo pou responsabilize paran yo avèk enfòmasyon, resous e sèvis, pandan n ap amelyore akonplisman akademik elèv yo	Out 2022-Jen 2023

4	Etabli yon "Parent Advisor Council (PAC)" (Konsèy Konsiltatif pou Paran) nan chak rejon yo pou bay konsèy sou tout kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan Pati A pwogram Title I nan [Seksyon 1116(e)]	Komite Egzekitif Title I PAC la konseye Depatman Administrasyon Title I sou kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan lekòl Title I yo e li sipòte planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè Lekòl la.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Fasilité difizyon enfòmasyon resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl ak Distri a, yon fason pou pwomouwva yon anviwònman familyal ki pwomote aprantisaj	Out 2022-Jen 2023
Kantite	Aktivite	Deskripsyon Estrateji Enplemantasyon	Moun Responsab	Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv	Frekans
5	Etabli yon Konsèy konsiltatif pou Paran (DAC) atravè tout LEA a pou bay konsèy sou tout kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan lekòl Title I yo e li sipòte planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè Lekòl la.	Komite Egzekitif Title I DAC la konseye Depatman Administrasyon Title I sou kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan lekòl Title I yo e li sipòte planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè Lekòl la.	Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I	Fasilité difizyon enfòmasyon resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl ak Distri a, yon fason pou pwomouwva yon anviwònman familyal ki pwomote aprantisaj	Out 2022-Jen 2023
6	Fasilité seminè sou entènèt ak sesyon fòmasyon sou sijè ki fèt pou ankouraje e maksimize angajman paran an kolaborasyon avèk Depatman FSS e Akademi Paran An	Enplemantasyon seminè sou entènèt sa yo ap fèt chak tane atravè Sondaj sou Angajman Paran/Fanmi Title I ak Evalyasyon Title I, Biwo Evalyasyon Pwogram Distri a fè	Ofisyè Lyezon Fanmi, Anplwaye Depatman FSS, ak Anplwaye Akademi Paran An	Amelyore abilite paran pou ede e defann pitit yo yon fason ki efikas e pwomote enpòtans pou gen yon relasyon pozitif ant paran e anplwaye lekòl la yon fason pou bay meyè rezulta pou elèv	Out 2022-Jen 2023

#### REZIME SOU DEVLOPMAN KAPASITE 2021-2022

Kantite	Kontni ak Kalite Aktivite	Kantite Aktivite	Kantite Patisipan	Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv
1	<p><b>Kontni:</b> Manm Konsèy Egzekitif DAC yo resevwa rekòmandasyon sou bi ak etap yo bezwen ranpli pou amelyore Pwogram Title I; devlope e revize, an kolaborasyon avèk "Title I Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Title I pou Angajman Fanmi); e ede nan enfòme paran konsènan Reyinyon Ânyèl pou Paran Title I yo, reyinyon Distri a, ak lòt reyinyon pou paran, lè sa awopriye.</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon Konsèy Egzekitif DAC</p>	5	90	Ranföse relasyon ant paran ak lekòl nan fason ki pwofon e ki sipòte akonplisman akademik

2	<p><b>Kontni:</b> Patisipan yo devlope e revize PFEP Distri a, an kolaborasyon avèk Depatman Administrasyon Title I; yo resevwa enfòmasyon konsènan kondisyon Pwogram Title I an, ak dwa pou yo patisipe; e yo te responsabilize yo avèk enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, Distri a ansanm ak kominote a</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon Jeneral DAC Title I</p>	3	1,284	Ranfòse relasyon ant paran ak lekòl nan fason ki pwofon e ki sipòte akonplisman akademik
3	<p><b>Kontni:</b> Devlope e revize PFEP atravè tout LEA a, an kolaborasyon avèk Depatman Administrasyon Title I; resevwa enfòmasyon konsènan kondisyon Pwogram Title I yo, ak dwa pou yo patisipe; e yo responsabilize yo avèk enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, Distri a, ansanm ak kominote a.</p> <p><b>Aktivite:</b> Reyinyon PAC Title I</p>	10	1,884	Ranfòse patenarya ant paran ak lekòl nan fason ki pwofon e ki sipòte akonplisman akademik
<b>Kantite</b>	<b>Kontni ak Kalite Aktivite</b>	<b>Kantite Aktivite</b>	<b>Kantite Patisipan</b>	<b>Enpak Nou Prevwa sou Akonplisman Elèv</b>
4	<p><b>Kontni:</b> Konpile enfòmasyon sou fason lekòl Title I yo ap sipòte angajman paran ak fanmi nan edikasyon pitit yo.</p> <p>Nou itilize enfòmasyon nou resevwa yo nan devlopman PFEP Title I nan nivo Distri ak nivo Lekòl pou ane 2022-2023 a.</p> <p><b>Aktivite:</b> Sondaj Title I M-DCPS sou Angajman Paran ak Fanmi ak pou 2020-2021 ak Sondaj sou Angajman Paran ak Fanmi nan nivo lekòl pou 2020-2021</p>	1	4,794	Resevwa kòmantè ak sijesyon paran sou fason pou amelyore akonplisman akademik elèv
5	<p><b>Kontni:</b> Ofri sipò bay paran elèv ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè Lekòl la nan elaji konesans ak ladrès yo yon fason ki kontribye nan byennèt timoun nan e globalman nan siksè akademik li.</p> <p><b>Aktivite:</b> “Title I Neighborhood Resource Center (NRC)” (Sant Resous Katye Title I)</p>	134	3,437	Enplemane pwogram ak aktivite ki te sipòte amelyorasyon akonplisman akademik elèv.
6	<p><b>Kontni:</b> Ofri aktivite, atelye, materyèl resous ak sipò chak mwa pou amelyore abilité paran ak moun k ap pran swen timoun pou yo pi byen sipòte aprantisaj pitit yo</p> <p><b>Aktivite:</b> Sant Resous Paran nan Nan Lekòl</p>	322	62,482	Enplemane pwogram ak aktivite ki te sipòte ogmantasyon akonplisman akademik elèv
7	<p><b>Kontni:</b> Amelyore relasyon elèv-pwofesè; ogmante angajman paran ak fanmi e ede nan devlopman kapasite paran pou amelyore akonplisman akademik elèv</p> <p><b>Aktivite:</b> “Challenging Higher Education for Students in our Schools (CHESS)” (Ankouraje Edikasyon Siperyè pou Elèv nan Lekòl Nou yo)</p>	70	7,031	Enplemane pwogram ak aktivite ki te sipòte ogmantasyon akonplisman akademik elèv

8	<b>Kontni:</b> Ofri paran ak manm fanmi elèv nan lekòl ki ap enplemanter Pwogram Title I opòtinite pou patisipe nan edikasyon pitit yo.  <b>Aktivite:</b> "DAC Talk, News for Title I Parents" (Diskou sou DAC, Nouvèl pou Paran Title I)	1	2,000	Fèt pou montre paran yo enfòmasyon ki pi ajou yo, tandans aktyèl nan edikasyon ak atik ki sipòte akonplisman akademik elèv yo
---	---	---	-------	---

**Kontni:** Distri a ap enfòme paran yo sou patisipasyon lekòl pitit yo nan Pati A pwogram Title I nan lekòl pitit yo e li eksplike yo kondisyon pou patisipe nan pwogram nan. Apeprè 3,499 paran te patisipe nan youn oubyen plis aktivité pandan ane lekòl 2021-2022 an, ki reprezante 103 lekòl prive Title I atravè Distri a ki te patisipe nan Pwogram Title I pou Lekòl ki Pa Lekòl Leta yo. Anplis de sa, aktivité sa yo te fè yon enpak pozitif sou akonplisman elèv yo, nou te ankouraje alfabetizasyon familyal ansanm ak yon lanmou pou aprann. Yon lòt bò, gen yon 2.0 poustan developman akademik nan domèn ladrès debaz ki te reyalize nan fen ane lekòl 2021-2022 an. Materyèl sou Angajman Familyal ak Kominotè; Nou te Jwenn nan <http://www.schoolcommunitynetwork.org/downloads/FACEHandbook.pdf> se kèk nan rechèch ki sipòte aktivité nou te mansyone anwo a. Nou ap evalye enplémentasyon aktivité sa yo chak ane atravè Sondaj Title I sou Angajman Paran ak Fanmi ansanm ak Evalyasyon, Biwo Evalyasyon Pwogram Distri a.

### BARYÈ KI JENNEN PATISIPASYON PARAN NAN AKTIVITE ANGAJMAN PARAN AK FANMI POU 2021-2022

Kantite	Baryè	Etap Lekòl la Ap Pran pou L Fè Siksè
1	Orè Travay Paran/Konfli Tan	Avèk asistans ak kontwòl Distri a, lekòl yo pral oblige ofri yon kantite reyinyon ak atelye sou entènèt ki fleksib, nan maten, nan aprèmidi, ak aswè, nan jou ki diferan nan semèn nan e ki ofri opòtinite pou redui konfli avèk orè travay paran yo, pou ankouraje patisipasyon paran nan evènman sa yo.
2	Akomodasyon pou Paran ki Gen Bezwèn Espesyal	Avèk asistans ak kontwòl Distri a, lekòl yo pral ofri opòtinite egal pou patisipasyon paran ki gen bezwen espesyal, nan fè akomodasyon ki nesesè yo. (nan ofri reyinyon sou entènèt)
3	Kolaborasyon avèk Patnè Kominotè yo	Distri a ap ofri kowòdinasyon, asistans Teknik ansanm ak lòt sipò ki nesesè pou ede devlope kapasite anplwaye yo nan planifye e enplemanter aktivité angajman paran ak fanmi ki efikas. Òganizasyon ki gen yon eksperians efikasite yo ka pwouve nan angaje e nan fè paran ak fanmi patisipe, n ap kontakte yo pou ede bati kapasite anplwaye yo pou rive jwenn bonjan angajman paran ak fanmi.

### MEYÈ PRATIK POU 2021-2022

Kantite	Kontni/Objektif	Deskripsiyon Aktivite
1	<b>Kontni:</b> Ofri atelye sou entènèt ansanm ak sesyon vityèl pou paran ak fanmi atravè NRC Title I ak DAC e PAC Title I	Pou rezoud difikilite transpò nou sot mansyone yo, Depatman Administrasyon Title I pral fè reyinyon, fòmasyon, ak atelye an pèsòn e sou entènèt pou paran an fanmi nan Sant Resous Katye (NRC) Title I yo. Paran ak fanmi yo ap resevwa tou opòtinite pou patisipe nan Reyinyon Jeneral Komite Konsèy Title I (DAC) Distri a ki fèt nan divès lekòl atravè Distri a sou Zoom. Paran ak fanmi yo te resevwa tou transpò nan otobis pou ale nan Reyinyon Jeneral Komite Konsèy Title I (DAC) Distri a ki fèt nan divès lekòl atravè Distri a. Gen

	<b>Objektif:</b> Reyinyon atelye/fòmasyon pou devople kapasite paran	anpil lòt difikilte transpò nou te rezoud lè n te bay paran ak fanmi yo opòtinite pou patisipe nan atelye/fòmasyon atravè reyinyon apèl konferans a distans.
2	<b>Kontni:</b> Ofri fòmasyon ki baze sou sètifikasi pou paran ak fanmi nan NRC Title I  <b>Objektif:</b> Reyinyon atelye/fòmasyon pou devlope kapasite paran	Nou ofri atelye/fòmasyon edikasyonèl ki baze sou sètifikasi pou paran ak fanmi nan Sant Resous Katye (NRC) Title I yo ansanm ak sant resous Paran Title I atravè Distri a kote paran yo resevwa sètifikasi dèské yo te ranpli tout kondisyon yo avèk sikse jan pwogram nan mande sa. Patisipasyon paran/fanmi nan atelye/fòmasyon espesyalize sa yo te ede amelyore abilité yo pou sipòte byennèt jeneral fanmi yo. Twa (3) fòmasyon ki baze sou sètifikasi a te gen ladan Ki Sa Tout Adilt Dwe Konnen Osijè Abi Seksyèl sou Timoun, Maladi epilepsi, fòmasyon pou ede w fè bon desizyon konsènan maladi dyabèt bay paran ak fanmi yo zouti ak konesans pou kenbe pitit yo an sekrite kont moun ki fè krim seksyèl sou timoun e pou yo viv byen e an sante.
3	<b>Kontni:</b> Fòmasyon Teknolojik pou Espesyalis Patisipasyon Kominotè/Espesyalis Lyezon Kominotè  <b>Objektif:</b> Developman Pwofesyonè	Anplwaye Depatman Administrasyon Title I ak NRC yo ofri fòmasyon ki baze sou "Utilizing Community Partners to Engage Parents and Families for Virtual Learning Success" (Itilize Patnè Kominotè pou Angaje Paran ak Fanmi pou yo Fè Siksè nan Aprantisaj sou Entènèt) pou CIS/CLS Title I yo. Fòmasyon an te amelyore konesans yo sou ajans kominotè ki disponib pou ofri fòmasyon sou entènèt, pwogram, ak lòt sèvis pou ranfòse angajman paran ak fanmi.